



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KONTRANDI SOU NOUVO CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO KONFIME
11 KA ADISYONÈL - KI BAY YON TOTAL 44 ATRAVÈ ETA A**

Nouvo Ka yo Enkli 8 nan Konte Westchester ak 3 nan Konte Nassau

Li anonse ke ajans vwayaj yo ak konpayi asirans yo pral ofri politik vwayaj 'anile pou nenpòt rezon' nan Eta New York - gen sis konpayi asirans mondyal ak nasyonal ki dakò pou ofri vwayajè yo kouvèti

Inite Operasyonèl Entè-enstitisyon NYS la Kontinye Kowòdone ak Gouvènman Lokal ak Patnè Swen Sante yo pou Kontwole epi Reponn ak Deklanchman Coronavirus la

Pandan yon kontrandi sou nouvo Coronavirus la, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te konfime 11 ka adisyonèl Coronavirus, sa ki rann yon total 44 ka konfime nan Eta New York. Pami nouvo ka yo idantifye depi maten an, uit nan yo sitiye nan Konte Westchester e youn sitiye nan Konte Nassau.

Nan total 44 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

- Konte Nassau: 4
- Konte Rockland: 2
- Vil New York: 4
- Konte Westchester: 34

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse konpayi asirans vwayaj yo ak ajans vwayaj yo pral ofri rezidan ak biznis New York yo kapasite pou yo achte kouvèti lè y'ap fè plan vwayaj ki ta pèmèt yo anile yon vwayaj pou nenpòt ki rezon, enkli pou rezon ki gen rapò ak COVID-19 la.

"Mwen toujou di chak jou ke kantite ka nouvo coronavirus ki konfime pral kontinye monte, e pandan n'ap elaji kapasite tès nou an, n'ap sèlman wè ke chif yo kontinye monte", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou vle kontinye fè tès ak jwenn plis moun ki teste pozitif paske se konsa ou kapab kontwole epidemi an - jwenn moun ki enfekte yo, mete yo an karantèn epi redwi to enfeksyon an. An menm tan nou vle Nouyòkè yo viv lavi kotidyen yo, enkli planifikasyon vakans ak lòt vwayaj, epi aksyon sa a pral pèmèt yo fè sa nan yon moman kote toujou gen ensètitud sou enpak jewografik alavni coronavirus la."

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Avèk aksyon sa a, Eta New York demontre ke gouvènman an kapab e dwe jwe wòl li pou ede moun yo travèse sitiyasyon k'ap evolye sa a pou yo ka kontinye ak lavi ak woutin kotidyen yo.

Nou vle asire ke yo bay vwayajè ak pwopriyetè biznis yo enfòmasyon egzat ak yon mezi soulajman pandan y'ap fè aranjman vwayaj pandan moman sa a".

Politik Vwayaj 'Anile pou Nenpòt Rezon' nan Eta New York la

Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) [te pibliye konsèy](#) ki pèmèt ajans vwayaj yo ak konpayi asirans vwayaj yo ofri kalite kouvèti sa a apre DFS te resevwa plent konsomatè yo ke politik sa yo pa te disponib nan Eta New York la. Nouvo mezi sa a fèt pou rasire biznis ak rezidan New York yo ki ap chèche fè plan ki ka enplike vwayaje kote ki kounye a pa anba avètisman sou vwayaj akòz COVID-19 la.

Gen sis konpayi asirans mondyal ak nasyonal ki dakò pou ofri kouvèti "anile pou nenpòt rezon" an pou vwayajè yo, enkli: Allianz, Nationwide, Starr Indemnity, Berkshire, Crum & Forster, ak Zurich.

Anpil politik asirans vwayaj estanda pa kouvri entèripsyon vwayaj oswa anilasyon vwayaj akòz COVID-19 la paske politik estanda sa yo jeneralman eskli kouvèti pou yon epidemi, pandemi, oswa evènman sante piblik similè. Kòm rezilta, nan kad epidemi COVID-19 la, gen gwo enterè pou gen disponibilite politik "anile pou nenpòt rezon" yo. Natirèlman, gen anpil vwayajè, lè yo ap fè rezèvasyon vwayaj vle kenbe dwa pou anile plan alavni depandaman pwopagasyon potansyèl ak enpak COVID-19 la. Jiska dat, kouvèti "anile pou nenpòt rezon" an pa ko disponib nan Eta New York.

jodi a DFS te pibliye yon lèt konsèy bay ajans vwayaj yo ak konpayi asirans vwayaj yo ki klarifye epi ki ranplase konsèy ke yo te pibliye plis pase 10 zan de sa ki lakoz plent konsomatè yo ke yo pa ofri politik "anile pou nenpòt rezon" yo nan Eta New York. Kòm rezilta, depi jodi a, yo konseye asirans vwayaj yo ak ajans vwayaj yo ke yo kapab vann politik sa yo bay rezidan ak biznis New York yo. Konsèy DFS yo endike politik "anile pou nenpòt rezon" yo separe epi yo diferan de asirans vwayaj estanda a, epi yo pa ta dwe vann yo ansanm anba Lwa Asirans Eta New York (New York State Insurance Law) la.

To kouvèti "anile pou nenpòt rezon" yo pi wo pase estanda asirans vwayaj ak nòmalman pèmèt sèlman jiska 75 pousan nan yon ranbousman nan depans vwayajè yo akòz anilasyon vwayaj.

DFS te mande tou pou emetè asirans vwayaj nan Eta New York yo kontakte yon fason dinamik moun ak biznis ki te achte politik pa yo pou fè yo konnen kisa ke yo kouvri. Gouvènè a ankouraje rezidan ak biznis New York yo pou yo pote anpil atansyon ak Konsèy Sante pou vwayajè Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) an, ki avèti Ameriken yo pou yo evite vwayaje nan kèk kote akòz evènman sante piblik yo ak epidemi maladi yo. Sa a disponib isit la:

<https://wwwnc.cdc.gov/travel/notices>.

Plis enfòmasyon sou repons Eta New York fas ak COVID-19 la disponib isit la: <https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/>.

Nouyòkè ki gen plent oswa kesyon sou kouvèti "anile pou nenpòt rezon" an ta dwe kontakte: www.dfs.ny.gov/complaint.

Li yon kopi [Lèt Konsèy pou Asirans DFS la](#).

Pi bonè jodi a, Gouvènè a te anonse ke yon inite operasyonèl entè-enstitisyon Eta New York ap kontinye kolabore ak gouvènman lokal yo ak patnè swen sante yo pou kontwole epi reponn ak deklanchman coronavirus la. Manm ki nan Inite Operasyonèl la yo gen ladan:

- Linda Lacewell, Sipèrentandan, Depatman Sèvis Finansye
- Dr. Howard Zucker, Delege, Depatman Sante
- Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a
- Beth Garvey, Avoka Espesyal
- Gareth Rhodes, Sipèrentandan Adjwen, Depatman Sèvis Finansye
- Simonida Subotic, Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik
- Kelly Cummings, Direktris Operasyon ak Enfrastrikti Eta a
- Michael Kopy, Direktè Jesyon Ijans
- Patrick Murphy, Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services)
- RoAnn Destito, Delege Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services)
- Pat Foye, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA
- Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)
- Dan Fuller, Sekretè Adjwen pou Edikasyon
- Sandra Beattie, Direktè Adjwen, Divizyon Bidjè

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)